



Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB AK
SIPÒ KI KOUTE 87 MILYON DOLA NAN KINGSTON**

Golden Hill Apartments transfòme ansyen sit prizon vid la nan Konte Ulster

*Devlopman ki totalman elektrik la gen ladan enstalasyon pano solè sou do kay ak
sistèm rekiperasyon enèji*

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a achèvmann konstriksyon Golden Hill Apartments, yon devlopman lojman abòdab ki gen 164 inite nan vil Kingston. Prim 10 milyon dola nan premye fon Mid-Hudson Momentum Gouvènè Hochul la te ranfòse pwojè 87 milyon dola a, li te bati sou yon sit 8 ekta ki te ansyen Prizon Konte Ulster. Devlopman ki totalman elektrik la se yon kominote multi-jenerasyonèl ki sèvi yon pakèt Nouyòkè, tankou fanmi, granmoun aje, ak kay ki bezwen sèvis sipò. Nan senk ane ki sot pase yo Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la te kreye oswa konsève plis pase 1,100 kay abòdab atravè Konte Ulster. Golden Hill Apartments kontinye efò sa a ak konplete Plan Lojman 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa konsève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"Golden Hill Apartments se yon nouvo fason pou transfòme sa ki te yon prizon vid pou fè l tounen yon kominote vibran, modèn, multi-jenerasyonèl ki ede fanmi yo, granmoun aje yo, ak moun ki te fè fas ak sitiyasyon sanzabri yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou konnen Hudson Valley bezwen plis lojman abòdab ak sipò, epi n ap asire nou ke nou fè tout sa nou kapab nan sa ki gen pou wè ak fè plis kay pou rezidan yo tounen yon reyalite. Avèk anons jodi a, Golden Hills pèmèt nou rive pi pre objektif nou pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè Nouyòk, epi bati yon avni ki pi abòdab e ki pi jis."

Tout apatman yo nan Golden Hill nan pri abòdab pou fanmi k ap touche jiska 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan. Devlopman an gen ladan de bilding apatman nan wotè mwayen, kat kay an ranje, ak yon bilding kominotè santral. Li gen yon melanj apatman ki gen youn, de ak twa chanmakouche. Prèske mwatye nan apatman yo rezève pou fanmi granmoun aje ki gen 62 ane e plis. Yo rezève karantuit apatman sou kote pou fanmi ki kalifye pou sèvis sipò sou plas, tankou fanmi ki sanzabri.

Yon seri espas deyò ki byen amenaje relye bilding yo ansanm ak senk teren jwèt ki adapte ak diferan gwoup laj, jaden plant, plas deyò, ak yon santye an bwa ki konekte ak Empire State Trail ki toupre a. Gen yon nouvo sant kominotè ki gen yon sant kondisyonman fizik, yon galri kominotè, ak yon gadri ki ouvè pou piblik la. Ulster County Area Transit pral enstale yon nouvo estasyon otobis nan pwopriyete a nan fen ane a, ki ofri opsyon transpò piblik pratik pou rezidan ak vizitè yo.

Anba lidèchip Pat Ryan, ki te ansyen Egzekitif Konte a epi Reprezantan aktyèl la, Plan Aksyon pou Lojman 2021 Konte Ulster te idantifye pou reyamenaje sit Prizon Konte Ulster la kòm yon etap esansyèl pou reponn ak bezwen Konte a k ap grandi pou lojman abòdab. Pwojè a konplete fon kapital 500 milyon dola Eta a, ki te anonse nan kad bidjè fiskal 2025 adopte a, pou konstwi nouvo kay sou pwopriyete leta tankou ansyen etablisman koreksyonèl yo. Gen plizyè sèvis kominotè, minisipal ak sante nan rejyon an, tankou Depatman Sante konte Ulster, Boys & Girls Club nan Konte Ulster, biwo lapòs, sant reyabilitasyon ak plizyè famasi. Sit la se toupre sant vil Kingston ki dènyeman te reyamenaje kòm yon pati nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la avèk peyizaj ak transpò piblik ki amelyore.

Golden Hill Apartments se yon devlopman ki totalman elektrik. Chak bilding gen yon enstalasyon solè sou do kay la ki pwodui anviwon 700 kWp enèji renouvlab konbine. Pwojè a enkòpore nòm konsepsyon vèt, ki gen ladan aparèy ki efikas an enèji, maksimize benefis chalè solè nan ivè ak lonbraj solè an ete, fenèt ak pèfòmans elve ak bay sistèm rekiperasyon enèji pou chofaj ak refwadisman nan espas ki apwopriye.

Pennrose ak Family of Woodstock yo se ko-devlopè pwojè a. Family of Woodstock bay tou sèvis sipò sou plas tankou jesyon ka ak sèvis kowòdinasyon swen, entèvansyon kriz ak konsèy finansye. Devlopman an gen ladan l tou inite ki aksesib epi ekipe pou moun ki gen pwoblèm mobilite, ansanm ak pwoblèm tande ak vizyèl.

Finansman HCR pou Golden Hill Apartments la gen ladan l pwogram kredi taks federal ak eta ki te jenere apeprè 41 milyon dola nan obligasyon, 6.5 milyon dola nan obligasyon pèmanan enpo egzonere ak 18.7 milyon dola nan sibvansyon. Devlopman an te resevwa yon sibvansyon 902,000 dola atravè pwogram Inisyativ Enèji Pwòp HCR la, ki te kreye an patenarya ak Otorite Devlopman Enèji ak Rechèch Eta Nouyòk la. Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta Nouyòk la ap bay yon prè sibvansyon 15 milyon dola chak ane nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri li a epi jere fon fonksyonman inite sipò Inisyativ Lojman Sipò Empire State bay la.

Empire State Development te kontribye 10 milyon dola nan premye fon Mid-Hudson Momentum li a, yon inisyativ ki fèt pou ranfòse òf lojman nan rejyon an atravè sipò pou divès pwojè ki gen ladan devlopman dinamik ki gen plizyè itilizasyon, lojman ki oryante sou transpò piblik toupre gwo sant pou transpò yo ak enpòtans amelyorasyon enfrastrikti ki pèmèt kwasans lojman alavni. Depatman Konsèvasyon Anviwonman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk te akòde yon

sibvansyon 1.68 milyon dola pou sistèm enèji solè nan pwogram sibvansyon Kominote ki Entelijan fas ak Klima (Climate Smart Communities, CSC) li a.

Federal Home Loan Bank of New YoRK te akòde a Family of Woodstock yon sibvansyon Fon Jeneral Pwogram Lojman Abòdab anviwon 1.5 milyon dola. Konte Ulster te bay 1.5 milyon dola nan finansman Lwa Plan Sekou Ameriken pou demoli ansyen estrikti prizon yo. Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand ak Reprezantan Ameriken Patrick Ryan te atribye 1 milyon dola nan pwojè Golden Hill Apartments nan kad pwojè lwa finans pou ane fiskal 2024 la sou Transpò, Lojman ak Devlopman Iben ak Ajans ki gen Rapò. Vil Kingston te bay yon akò Pèman Ranplasman Taks nan 620 dola pou chak inite ak yon Frè Enpak Kominotè 18,000 dola chak ane k ap ogmante chak ane pou dire Frè Enpak Kominotè ak akò PILOT yo.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta Nouyòk, te deklare, "HCR fyè dèske li te jwe yon wòl nan transfòmasyon pwopriyete sa a soti nan yon ansyen prizon sonb lan pou l vin tounen yon konplèks apatman modèn, dirab e abòdab ki pral akeyi plis pase 160 fwaye. Investisman nou nan Golden Hill Apartments kontinye efò nou yo pou asire rezidan tout laj yo gen aksè a lojman ak sèvis sipò yo bezwen pou yo reyisi epi li bati sou travay nou nan Konte Ulster kote nou te kreye oswa prezève plis pase 1,100 kay abòdab pandan senk dènye ane yo."

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), Barbara C. Guinn, te deklare, "Lojman sipòtif se yon zouti enpòtan e pwouve pou ede estabilize lavi moun ki sanzabri yo. Ouvèti Golden Hill Apartments nan Vil Kingston bay rezidan k ap fè eksperyans oswa ki riske vin sanzabri yo lojman ki estab ak abòdab, ansanm ak aksè sou plas ak sèvis sipò vital ki pral ede yo rete nan yon lojman, viv poukont yo, epi pwospere nan kominote yo a. Ajans nou an fyè dèske li se yon patnè nan pwojè kominotè enpòtan sa a, epi nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te fè investisman istorik pou ogmante rezèv lojman sipò pèmanan nan tout Eta Nouyòk la."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Lojman abòdab sipòte mobilite mendèv la, atire biznis, epi jenere aktivite ekonomik ki pèmèt Nouyòk pwospere. Fon Momentum Mid-Hudson lan reprezante angajman nou pou nou debloke potansyèl lojman rejyon an epi bati enfrastrikti ki pral alimante kwasans ekonomik dirab ak opòtinite. Apatman Golden Hill yo se dènye egzanp ki montre kijan investisman estratejik nou yo nan lojman ap ogmante konpetitivite ekonomik nan Eta Nouyòk."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority) la, Doreen M. Harris, te deklare, "Golden Hill Apartments se yon konplèks lojman abòdab ki trè efikas ki pral amelyore lavi rezidan yo tout pandan l ap ede kreye yon kominote ki pi pwòp. Konstwi lojman ki satisfè bezwen tout Nouyòkè yo se yon pi gwo priorite pou

Gouvènè Hochul, epi pwojè tankou sa yo, ki reyenvesti nan katye nou yo, kontinye elaji ekonomi enèji pwòp Eta Nouyòk la."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson (Mid-Hudson Regional Economic Development Council, MHREDC), Doktè Marsha Gordon ak Doktè Kristine Young te deklare, "Pwojè sa a reprezante lespri inovan rejyon Mid-Hudson lan ak detèminasyon nou pou rezoud defi lokal yo ak solisyon kreyatif. Lè li transfòme yon sit prizon vid an yon kominote entèjenerasyonèl ki aktif, Golden Hill montre kijan nou ka re-imagjine pwopriyete ki pa itilize ase pou satisfè bezwen lojman kritik yo. Devlopman sa a souliye kijan patenarya rejyonal yo ka tradui vizyon pataje an rezilta byen konkrè ki amelyore kalite lavi nan Kingston ak lòt kote."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Mwen tande moun ap di sa chak jou — pri yo, sitou pri lojman, twò wo. Granmoun aje nan tout kominote nou an anba gwo presyon pou yo eseye debwouye yo, epi twòp moun ki travay di pa kapab peye yon lojman desan nan kominote kote y ap travay la. Se poutèt sa mwen te dirije pwojè Golden Hill Apartments la kòm Egzekitif Konte Ulster, e se poutèt sa mwen fyè anpil pou m wè l ofisyèlman ouvri jodi a. Nou gen yon gwo kriz devan nou, epi nou dwe adopte yon apwòch konplè pou nou adrese li. Mwen fyè anpil dèske Golden Hill Apartments ap ofisyèlman ouvri pòt li, epi mwen rekonesan anvè Jen Metzger, Direktè Egzekitif Konte Ulster a, paske li kontinye mete presyon sou pwojè enpòtan sa a. Sa a se yon gwo pa annavan pou kominote Ulster nou an — nou dwe kenbe momantòm nan. Pa gen okenn fanmi ki ta dwe oblije chwazi ant mete manje sou tab yo ak gen yon twati anlè tèt yo — M ap kontinye goumen chak jou pou diminye pri lojman an."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Chak fanmi nan Kingston merite yon kote ki an sekirite ak abòdab pou yo rele lakay yo. Mwen fyè dèske Kredi Taks pou Lojman Moun ki gen Revni Ba federal ke mwen te travay di pou pwoteje ak elaji a ansanm ak Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) ke mwen te mennen pou Sena a te bay plizyè milyon dola pou konvèti yon ansyen prizon an plis pase 160 nouvo kay. Depans lojman ki wo se yon faktè kle enflasyon kidonk nou dwe konstui plis lojman pou travayè yo pou bese pri ki elve sa yo. Mwen bat bravo pou travay Gouvènè Hochul pou ogmante aksè a lojman pou fanmi k ap travay nan Konte Ulster ak nan tout Hudson Valley a, epi m ap kontinye travay pou bay resous federal pou bay plis lojman abòdab nan tout Nouyòk."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Aksè aK lojman abòdab ta dwe yon garanti pou chak Nouyòkè. Golden Hill Apartments pral bay granmoun aje yo ak fanmi yo nan Kingston kay ki an sekirite, sèvis sipò esansyèl, ak yon nouvo sans kominotè. Mwen fyè dèske mwen te delivre lajan ki te rann pwojè sa a posib, epi m ap kontinye goumen pou asire ke resous federal yo kontinye sipòte pwojè tankou sa a nan tout kwen nan eta nou an."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Achèvman konstriksyon Golden Hill Apartments make yon etap enpòtan nan pwogrè Konte Ulster a pou adrese kriz lojman an. Devlopman sa a se yon modèl pou lojman abòdab alavni epi li demontre pouvwa

kolaborasyon ant tout nivo gouvènman an ak sektè prive a pou satisfè bezwen kominote nou an. Mwen te fyè dèske mwen te ede jwenn finansman eta pou Golden Hill epi mwen remèsye zanmi m yo ak patnè m yo nan Gouvènman Konte Ulster, Pennrose, ak Fanmi Woodstock pou devouman yo nan fè pwojè sa a tounen yon reyalite."

Majistra Vil Kingston, Steve Noble, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou gen yon nouvo devlopman lojman abòdab ki gen 164 inite k ap ouvri nan Kingston. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Visnauskas pou angajman kontinyèl yo nan sipòte efò lojman Kingston yo, pou ede nou atenn objektif anbisyè nou yo an tèm de lojman. Patenarya ant Pennrose, Fanmi Woodstock, ak Konte Ulster a pèmèt ansyen prizon sa a vin tounen yon kay pou granmoun aje ak fanmi ki pral kapab kounye a rete nan kominote yo a. Aspè vèt pwojè a fè li yon bèl egzant pou lòt efò menm jan an. Mwen anvi kontinye travay sa a avèk tout patnè nou yo pou nou ka reyalize plis pwojè tankou sa a."

Prezidan Akizisyon Pennrose, Dylan Salmons, te deklare, "Se yon onè pou ede avanse plan Gouvènè Hochul ak NYSHCR yo pou amelyore anpil aksè a lojman abòdab nan tout Eta Nouyòk. Golden Hill demontre kijan sektè piblik ak prive yo ka travay an kolaborasyon pou aplike solisyon lojman ki gen sans – transfòme yon sit ki pa byen itilize an yon lojman ki efikas nan domèn enèji, pou plizyè jenerasyon, avèk sèvis sipò sou plas, resous kominotè ki konekte, ak ekipman ki adapte."

Direktè Egzekitif Family of Woodstock, Michael Berg, te deklare, "Kontè Ulster ap lite ak yon gwo mank lojman abòdab. Pwoblèm nan soti nan lefèt ke lojman yo te bati pandan 20 dènye ane yo pa te koresponn ak nivo revni rezidan yo nan konte a. Pwojè Golden Hill la patikilyèman enpòtan paske se premye lojman pou travayè yo ki konstwi espesyalman pou reponn ak bezwen popilasyon lokal sa a."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 yo Adopte a, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks, finansman kapital, ak nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay yo. Baze sou angajman sa a, Bidjè Ane Fiskal 2026 yo Adopte a gen ladan l plis pase 1.5 milya dola nan nouvo finansman Eta pou lojman, yon pwogram pilòt Kupon Aksè ak Lojman, ak nouvo règleman pou amelyore abòdablite pou lokatè ak achtè kay yo. Mezi sa yo konplete Plan Lojman senk ane Gouvènè a, ki koute 25 milya dola, ki enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2023 yo Adopte a, pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon 50,000 kay anplis. Yo te kreye oswa konsève plis pase 68,000 kay jiska dat.

Bidjè yo te adopte pou ane fiskal 2025 ak 2026 yo te ranfòse tou Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) Gouvènè a — ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a.

Kounye a, plis pase 370 kominote te resevwa sètifikasyon an Favè Lojman, enkli vil Kingston.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)